

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh objék anu ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 173). Nilik kana pamadegan di luhur, bisa dicindekeun yén populasi tina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VII SMP Negeri 5 Bandung taun ajar 2013/2014, anu jumlahna aya 259 siswa.


3.1.2 Sampel

Sampel nya éta sabagéan atawa wawakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 174).

Jumlah kelas VII di SMP Negeri 5 Bandung téh aya sabelas kelas (VII A – VII K). Pikeun nangtukeun sampel anu rék ditalungtik, panulis maké cara *purpose* atawa sampel anu dipilih dumasar tinimbangan guru basa Sunda di éta sakola. Ti dinya ditangtukeun yén kelas anu jadi sampel téh nya éta kelas VII F. Ku sabab kitu, anu jadi sumber data tina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung taun ajar 2013/2014 anu jumlahna aya 29 urang, 19 urang awéwé jeung 10 urang lalaki. Dipilihna kelas VII F jadi sampel panalungtikan nya éta lantaran di kelas VII F masih loba kénéh siswa nu héngkér dina nulis pangalaman pribadi.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *pre-test* jeung *post-test*.



Desain Panalungtikan *Pre-test and Post-test Group*

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan :

O_1	=	<i>Pre-test</i>
X	=	<i>treatment</i>
O_2	=	<i>Post-test</i>

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu. Panalungtikan ékspérimén kuasi atawa ékspérimén semu diartikeun mangrupa panalungtikan nu hampir sarua jeung panalungtikan ékspérimén. Nurutkeun Sukardi (Syamsuddin jeung Damaianti, V S., 2011, kc. 23) jenis panalungtikan ieu loba dipaké dibidang atikan atawa bidang séjén nu subjék panalungtikanna nya éta jalma anu teu bisa dimanipulasi jeung dikontrol sacara inténsif. Tujuanna nya éta pikeun meunang informasi kalawan maké méthode kuasi ékspérimén.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa diukur dua kali, nya éta saméméh (*pre test*) jeung sanggeus dibéré perlakuan ku cara maké média *diary* (*post test*).

3.4 Wangenan Operasional

- Média *diary* nya éta salasihiji média anu ngamangpaatkeun catetan sapopoé atawa *diary* salaku alat pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Ku dipakéna média ieu siswa bisa kalatih kamampuh nulisna hususna nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda.
- Nulis mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan makéna basa nu ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca jeung kaparigelan nulis. Unggal kaparigelan éta raket patalina jeung tilu kaparigelan nu lianna. Dina nyangkem kaparigelan basa, urang biasana ngaliwatan hiji runtuyan: dimimitian ku diajar ngaregepkeun keur leutik tuluy nyarita, sanggeus éta urang diajar maca jeung nulis. Ngaregepkeun jeung nyarita dicangkem saacan asup sakola. Opat kaparigelan éta mangrupa hiji beungkeutan anu disebut *catur-tunggal* (Tarigan, 2008, kc. 1). Nulis mangrupa

hiji kaparigelan basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu produktif jeung éksprésif. Dina kagiatan nulis, nu nulis kudu parigel ngamangpaatkeun *grafolegi*, struktur basa, jeung kosa kecap (Tarigan, 2008, kc. 3).

- c. Tulisan pribadi nya éta ébréhan tina gagasan-gagasan sarta naon nu dirasakeun ngeunaan pangalaman nu ditulis, boh pikeun kapentingan sorangan, atawa kapentingan kulawarga atawa babaturan (Tarigan, 2008, kc. 32). Karangan pangalaman kaasup kana wangun karangan narasi. Karanganna mangrupa runtuyan atawa beundeulan kajadiana. Narasi eusina bisa fakta, bisa ogé fiksi atawa rékaan anu diréka-réka ku pangarangna. Anu eusina fakta bisa mangrupa biografi, otobiografi jeung carita pangalaman. Sedengkeun anu mangrupa karangan fiksi nya éta novel jeung carita pondok.

Jadi maksud tina judul “Média *Diary* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi” nya éta tarékah dina ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa maké média *diary*. Siswa diarahkeun pikeun latihan nulis pangalaman anu kungsi karandapan ku manéhna dina buku *diary*. Satuluyna kamampuh siswa dina ngamekarkeun eusi karangan, milih kecap sarta pamakéan éjahan basa Sundana bakal kalatih ku dipakéna média *diary*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nyusun instrumén mangrupa salasihiji hal penting dina léngkah panalungtikan. Éta nu nyababkeun nyusun instrumén data kudu dipigawé sacara serius sangkan meunang hasil nu luyu jeung pungsina. Lamun nalika ngumpulkeun data aya kasalahan, hal éta bakal mangaruhan kana hasil kasimpulanana (Kuswari, 2008, kc. 19). Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta lembar soal anu eusina paréntah ka siswa pikeun nuliskeun pangalaman anu kungsi karandapan ku maranéhna kalawan merhatikeun eusi karangan, organisasi, kosa kecap, basa, jeung mékanik.

Dina ieu panalungtikan aya dua tés nya éta tés saméméh jeung sanggeus *treatment*. Tés kahiji tujuanna pikeun ngukur kamampuh nulis awal pangalaman

pribadi siswa ari tés kadua tujuanna pikeun mikanyaho pangaruh média *diary* kana kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa.

Ieu di handap soal tés anu dipaké dina panalungtikan.

Soal Pre tést

1. Pék tuliskeun deui pangalaman boh pangalaman nu pikasediheun, gumbira, pikaéraeun, pikalucueun anu kungsi karandapan ku hidep kalawan maké kekecapan nu merenah!

Soal post tést

1. Pék tuliskeun deui pangalaman boh pangalaman nu pikasediheun, gumbira, pikaéraeun, boh pikalucueun anu kungsi karandapan ku hidep kalawan merhatikeun eusi karangan, organisasi, kosa kecap, basa jeung mékanik (éjahan)!

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik dina ieu panalungtikan téh maké téhnik tés. Tés di dieu mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa saméméh jeung sanggeus maké média *diary*. Dina ieu panalungtikan maké dua kali tés. Tés *awal* atawa *pre-tes* tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa saméméh di *treatment* maké média *diary* ari tés ahir atawa *post tes* tujuanna pikeun ngukur kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa sanggeus di *treatment* kalawan maké média *diary*.

Léngkah- léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

1. Siswa nuliskeun pangalaman pribadi anu mangrupa *pre-test* pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré *treatment* média *diary*.
2. Sanggeus mikanyaho kamampuh nulis awal siswa, panalungtik méré *treatment* maké média *diary* ka siswa.

3. Sanggeus méré *treatment*, panalungtik ngayakeun post tést ka siswa pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa sanggeus di *treatment* maké média *diary*.

Ngaronjat henteuna kamampuh siswa bisa ditempo ku cara ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *post-test*.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil tést awal jeung tést ahir karangan pangalaman pribadi siswa ku cara nyirian kekecapan anu kurang merenah, éjahan nu kurang merenah, eusi karangan anu perlu dimekarkeun deui, organisasi karangan, sarta basa anu dipaké.
- 2) Méré peunteun kana hasil tést awal jeung tést ahir karangan pangalaman pribadi siswa. Cara meunteun hasil karangan siswa baris dipedar ieu di handap.

a.
$$\text{Skor atah} = \frac{\text{Skor nu dihontal}}{\text{Skor maksimal}} \times X$$

Keterangan :

KKM : 75

Peunteun maksimal : 100

Katégori : peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu nulis pangalaman pribadi anu bener.

Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can mampu nulis pangalaman pribadi anu bener.

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa tabél kritéria meunteun karangan siswa.

Tabél 3.1
Kritéria Meunteun karangan Pangalaman Pribadi Siswa

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
(1)	(2)	(3)
Eusi	4	Hadé pisan (Sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar)
	3	Cukup-Hadé (Maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar tapi kurang lengkep)
	2	Sedeng-Cukup (Pamahamanna kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasualan nu dipedarna heureut)
	1	Kurang Hadé (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén)
Organisasi	4	Hadé Pisan (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , rapi, runtuyanna logis jeung kohésif)
	3	Cukup-Hadé (Éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi gagasan utama jéntré, kurang rapi, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep)
	2	Sedeng-Cukup (Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan jeung mekarkeunna teu logis)
	1	Kurang Hadé (Heunteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	4	Hade Pisan (Jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkabkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap)

(1)	(2)	(3)
	3	Cukup-Hadé (Kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkabkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi heunteu ngaganggu)
	2	Sedeng-Cukup (Sedeng, kurang éféktif, milih kecapna kawatesanan jeung maké kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah)
	1	Kurang Hadé (Teu éféktif, milih kosa kecap padu waé, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén)
Basa	4	Hadé Pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap)
	3	Cukup-Hadé (Pamakéan jeung nyusun kalimah sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (Hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (Teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén)
Mékanik	4	Hadé Pisan (Ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	3	Cukup-Hadé (Kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (Kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (Heunteu ngawasa kana aturan)

(1)	(2)	(3)
		panulisan, loba kasalahn éjahan, tulisan hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén)

(Hartfield, dkk, 1985, kc. 91; Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306 dina Kuswari, 2010, kc. 182-183), kalayan diropéa rentang skorna.

3) Ngasupkeun peunteun tés awal jeung tés ahir nulis karangan pangalaman pribadi siswa.

Tabél 3.2
Peunteun Tés Awal Jeung Tés Ahir

No.	Ngaran Siswa	Peunteun Tés Awal	Peunteun Tés Ahir

3.7.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dipigawé sabab ayana sarat anu kudu dicumponan saacan panalungtik nangtukeun téhnik analisis statistik. Uji sipat data dina ieu panalungtikan aya dua, nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas nya éta pikeun nguji normalitas sampel. Data anu miboga distribusi normal diolah ku cara analisis paramétik kalawan maké *t-test*. Data anu distribusina teu normal diolah maké analisis non paramétik kalawan maké *Wilcoxon Match Paris Test*. Satuluyna uji homogénitas nya éta pikeun nguji distribusi data nu teu normal sarta tujuanna pikeun nangtukeun homogénitas data nilai siswa.

3.7.1.1 Uji Normalitas Data

Dina Statistik Paramétrik miboga sarat yén dianalisis kudu miboga distribusi normal. Ku kituna kudu ngayakeun uji normalitas data. Pikeun nguji distribusi hiji data normal atawa henteuna bisa maké rumus *chi* kuadrat (X^2).

Léngkah-léngkah nu kudu dipigawé saméméh maké *chi* kuadrat saperti ieu handap.

- a) Nangtukeun skor panggedéna jeung pangleutikna. Éta skor ngacu kana hasil nulis pangalaman pribadi siswa.
- b) Néangan batas-batas interval : nangtukeun rentang skor kalawan maké rumus

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna.}$$

- c). Nangtukeun lobana kelas (K) kalawana maké rumus:

$$K = 1 + 3.3 \log N$$

- d). Nangtukeun panjangna kelas (P) kalawan maké rumus:

$$P = \frac{r}{k}$$

- e). Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalawan maké tabél:

Tabél 3.3

Distribusi Frékuénsi peunteun

No	Interval	f_i	X_i	x_i^2	$f_i \cdot x_i$	$f_i \cdot x_i^2$

Keterangan:

f_i : Jumlah data

x_i : nilai tengah

f). Pikeun néangan rata-rata peunteun maké rumus:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

g). Pikeun néangan standar déviasi kalawan maké rumus:

$$SD = \frac{\sqrt{n(\sum f_i \cdot x_i^2) - (\sum f_i \cdot x_i)^2}}{n(n-1)}$$

h). Pikeun ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan)

Tabél 3.4

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O _i	BK	Z _{itung}	Z _{tabél}	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

Katerangan

O_i : Frékuénsi Obsérvasi

BK : Batas Kelas

Z_{itung} : Transformasi normal

Z_{tabél} : Standard normal

L : legana unggal kelas interval

E_i : Frékuénsi ékspéktasi

X² : Chi kuadrat

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

i) Pikeun nangtukeun derajat kebebasan (dk) maké rumus:

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

j). Nangtukeun harga X^2 tabél

k). Nangtukeun normalitas data kalawan maké kritéria ieu di handap.

x^2 itung $<$ x^2 tabél hartina distribusi data normal

x^2 itung $>$ x^2 tabél hartina distribusi data teu normal

3.7.1.2 Uji Homogénitas

Salian nguji normal henteuna distribusi data hiji sampel, panalungtik ogé perlu nguji homogénitas ka sababaraha sampel, nya éta seragam henteuna variansi sampel-sampel nu dicokot tina populasi nu sarua (Arikunto, 2013, kc. 363).

Ieu di handap mangrupa léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas dina ieu panalungtikan.

a). Ngitung variansi masing-masing kelompok *pre-test* jeung *post-test* maké rumus:

$$S_x^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)} \qquad S_y^2 = \frac{n \cdot \sum y^2 - (\sum y)^2}{n(n-1)}$$

b). Hasil tina varians diasupkeun kana distribusi F maké rumus:

$$F = \frac{S_{\text{besar}}}{S_{\text{kecil}}}$$

c). Nangtukeun derajat kebebasan

$$dk = n-1$$

d). Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu dihandap.

$F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$, hartina data teu homogén

$F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$, hatina data homogén

3.7.1.3 Uji Gain

Tujuan uji gain téh pikeun nangtukeun naha aya béda nu signifikan antara peunteun tés awal jeung tés ahir. Tina uji gain bisa meunang gambaran naha aya béda anu signifikan antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa dina

nuliskeun pangalaman pribadi sanggeus dibéré *treatment*. Pikeun migawé uji gain bisa maké tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.5
Uji Gain (D) Tingkat Kamampuh Siswa Nulis Pangalaman Pribadi Maké Média
Diary

No.	Kode Siswa	Peunteun Tés Awal	Peunteun Tés Ahir	D	d ²

3.7.1.4 Uji Hipotésis

Saumpama data hasil uji normalitas nunjukeun distribusi data normal, mangka nguji hipotésis maké kaidah-kaidah statistik paraméतिक kalawan maké uji *t-test*. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

a. Nangtukeun Mean tina béda tés awal jeung tés ahir (Md) kalawan maké rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

b. Nangtukeun Derajat Kebebasan (dk) kalawan maké rumus:

$$dk = n-1$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

c. Nangtukeun kuadrat deviasi kalawan maké rumus :

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

d. Nangtukeun t kalawan maké rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kritéria di handap:

- a. Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima, yén média *diary* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung .
- b. Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak, yén média *diary* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung .